



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 15
KONTE PALM BEACH COVID-19
RESTRIKSYON REVIZE SOU LÈ OPERASYON RESTORAN,
ETABLISMAN ALIMANTÈ AK LÒT BIZNIS
AK KLARIFIKASYON SOU FÈMTI BIZNIS AKTYÈL YO**

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye tou Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisyè Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiyoasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè a; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach rete nan Faz 1 an akò ak Dekrè Egzekitif 20-123 ak Dekrè Egzekitif 20-139 ke Gouvènè DeSantis te pibliye nan dat 3 jen 2020. Restriksyon yo nan Faz 1 an pèmèt gen plas pa anndan nan restoran yo nan 50% kapasite avèk repatisyon apwopriye anplas ant pati yo. Plas pa deyò yo ak sèvis pou anpòte yo otorize; sepandan, kontwa ba yo rete fèmèn pou chèz, epi manje nan ba nan restoran yo pa otorize. Ba ak klèb de nwi yo rete fèmèn nan Konte Palm Beach; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach te gen yon gwo ogmantasyon nan kantite ka pozitif pou COVID-19 nan fen mwa me ak jen, epi Konsèy Manm Komisyon Konte a detèmine ke mezi anplis nesèsè pou minimize pwopagasyon COVID-19 la. Nan sans sa a, Administratè Konte a nan dat 24 jen 2020, te pibliye yon òdonans anplis ki òdone pou mete pwoteksyon figi nan tout biznis ak etablisman yo ak nan espas piblik yo kote distans sosyal pa posib; epi

KONSIDERAN, te gen yon gwo ogmantasyon nan ka pozitif COVID-19 yo pami popilasyon jeneral la avèk plis ka nan kategori adolesan ak jèn granmoun yo; epi

KONSIDERAN, rasanbleman nan restoran kote distans fizik pa respekte sanble kontribiyè nan pwopagasyon viris COVID-19 la epi Konte a te resevwa plent epi ap entèvni nan gwo rasanbleman nan restoran; epi

KONSIDERAN, nan dat 14 jiyè 2020, konsidere sa anvan yo, Konsèy Manm Komisyon Konte Palm Beach la te mande Administratè Konte a pou anile demann Konte a bay Gouvènè Ron DeSantis pou Konte Palm Beach pou antre nan Faz 2: Plan Entèljan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid; epi

KONSIDERAN, nan dat 14 jiyè 2020, Konsèy Manm Komisyon Konte te diskite epi Administratè Konte a te detèmine, li te apwopriye ak nesèsè pou limite lè restoran ak etablisman alimantè yo ka sèvi manje ak alkòl pou konsomasyon sou plas; Se te detèmine tou ke li te apwopriye ak nesèsè pou limite kantite lè pak distraksyon, kava, kratom ak ba ak salon similè, salon bankè ak sal ba; epi

KONSIDERAN, nan dat 14 jiyè 2020, Dekrè Egzekitif 20-014 ke Administratè Konte a te pibliye a mete restriksyon sou lè sèvis alkòl ak manje nan restoran ak etablisman sèvis alimantè yo ak lè operasyon pak amizman, ba ak salon nagile ak fimen, kava, kratom ak ba ak salon similè, salon bankè ak sal bal; epi

KONSIDERAN, li nesèsè kounye a pou klarifye limit nan lè restoran yo ki òdone nan Òdonans Dijans 20-014 pou limite konsomasyon sou plas pandan lè biznis ki limite ak pou klarifye biznis nan Konte Palm Beach ki rete fèmen yo nan kad òdonans anvan sa ki aplikab pou Konte Palm Beach.

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA dapre Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. **Konsideran yo.** Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. **Aplikabilite ak Entansyon.** Òdonans sa a aplike nan tout zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach. Òdonans sa a gen entansyon limite lè operasyon

pou aktivite ak biznis ki idantifye isit la. Òdonans sa a pa gen entansyon pou, ni pa dwe entèprete pou, otorize okenn biznis ki aktyèlman entèdi pou fonksyone pou ouvri. Òdonans sa a gen entansyon tou pou, ni pa dwe entèprete pou, otorize okenn biznis k ap opere nan vyolasyon lwa aplikab yo pou kontinye operasyon ilegal sa yo, ki gen ladan, men pa limite ak, nenpòt operasyon ki nan vyolasyon nenpòt lwa zonaj konte oswa minisipal oswa òdonans dijans.

3. **Anilasyon ak Ranplasman Òdonans Anvan.** Òdonans Dijans 20-014 Konte Palm Beach anile nèt epi ranplase pa Òdonans sa a.
4. **Restriksyon sou Lè pou Alkòl ak Sèvis Alimantè.** Pa gen okenn etablisman ki otorize sèvi alkòl pou konsome sou plas, swa anndan oswa anplennè, yo pa dwe sèvi alkòl oswa otorize konsomasyon sou plas ant 11:00 p.m. ak 5:00 a.m. Pa gen okenn etablisman ki otorize pou sèvis konsomasyon manje sou plas, swa anndan oswa anplennè, yo pa dwe sèvi manje oswa otorize konsomasyon manje sou plas ant lè 11:00 p.m. ak 5:00 a.m. Etablisman sa yo dwe fèmen e rete vid ant lè 11:00 p.m. ak 5:00 a.m. Sof pou reyalize fonksyon nesèsè (tankou netwayaj ak fèmti sèvis yo) epi sof pou sèvis sou volan, pase pran oswa anpòte pou konsomasyon lòt kote. Plas anndan ak anplennè yo dwe rete vid ant lè 11:00 p.m. ak 5:00 p.m. Epi pa dwe disponib pou kliyan itilize pou sèvis pase pran ak anpòte.
5. **Restriksyon nan Lè Operasyon yo pou Kèk Biznis ak Lokal.** Malgre kondisyon Seksyon 4, biznis ak lokal annapre yo, nan nivo yo te otorize pou fonksyone legalman, dwe fèmen ant lè 11:00 p.m. ak 5:00 a.m.: pak lwazi; kava, kratom ak ba ak salon ki similè; salon bankè ak sal bal.
6. **Biznis ki Rete Fèmen.** Pou klarifye rezon yo, anba a gen yon lis biznis ki fèmen dapre kondisyon òdonans anvan ki aplikab yo, epi ki rete fèmen. Biznis sa yo pa reprezante nivè biznis ki fèmen yo men sèvi tankou yon lis klarifikasyon pou asire respè òdonans dijans ki aplikab yo. Operasyon nenpòt biznis ki fèmen, ki gen ladan, men pa limite ak, sila yo ki mansyone anba a, nan vyolasyon ak lalwa epi ka pini ankò ak sa.
 - a. Ba;
 - b. Klèb de nwi, etablisman ki ofri plezi pou granmoun, klèb estriptiz;
 - c. Nagile, sigarèt ak lòt ba ak salon fimèn;
 - d. Pis pou boling;
 - e. Akad;
 - f. Teyat;
 - g. Sal konsè;
 - h. Sinema;
 - i. Oditoryòm;

- j. Lòt lokal amizman anndan ki ofri, swa pou patisipasyon oswa obsèvasyon, opòtinite rekreyatif oswa jwèt konpetans nan yon bilding fèmen. Lokal sa yo gen ladan, men pa limite ak, sant patinaj, sant tranpolin, sal biya, sal pou evazyon, salon bingo, kazino ak ba oswa salon entèaktif ki pèmèt patisipasyon nan espò; epi
 - k. Salon tatouwaj, salon pèsing nan kò, lokal pou akiponkti, salon bwonzaj ak masaj.
7. **Aplikasyon Lalwa.** Cherif Konte Palm Beach lan, lòt ajans pou fè aplike lalwa yo ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak nenpòt lòt pèsònèl lalwa otorize, ki gen ladan, men pa limite ak, pèsònèl ki dekri nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan, otorize pou ranfòse Òdonans sa a konsa:
- a. Konfòmeman ak otorite ki bay nan Seksyon 252.46 ak 252.47, Lwa Florid yo, Cheriff Konte Palm Beach ak lòt otorite pou fè aplike lalwa nan Eta a, ak sou-divizyon politik sa a, dwe ranfòse òdonans ak règ ki te pibliye konfòmeman ak Seksyon 252.31 rive 252.90, Lwa Florid yo, Òdonans sa ladan. Nenpòt moun ki vyole nenpòt dispozisyon nan Seksyon 252.31 rive 252.90, Lwa Florid, oswa nenpòt règ oswa òdonans ki fèt dapre otorite ki bay nan Seksyon 252.31 rive 252.90, Lwa Florid yo, koupab krim dezyèm degre, ki ka pini jan sa bay nan Seksyon 775.082 oswa 775.083, Lwa Florid yo;
 - b. Cherif Konte Palm Beach lan, lòt pèsònèl pou fè aplike lalwa yo ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak nenpòt lòt pèsònèl lalwa otorize, ki gen ladan, men pa limite ak, pèsònèl ki dekri nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan, ka pibliye pwosè vèbal sivil pou ranfòse Òdonans sa a. Avètisman ekri oswa vèbal ak peryòd tan rezonab pou korije dwe bay anvan pwosè vèbal ki lakòz yo bay amann. Sepandan, avètisman ak opòtinite ekri oswa vèbal pou korije yo pa nesesè si gen vyolasyon repete yo jwenn oswa si ofisye lapolis kòd la oswa lòt pèsònèl lapolis otorize gen rezon pou kwè ke vyolasyon an prezante yon menas grav pou sante piblik, sekirite, oswa byennèt, oswa si vyolasyon an pa reparab oswa pa revèsib. Pèsònèl otorize a ka pibliye pwosè vèbal sivil pou amann yo konsa: moun yo dwe peye amann vennsenk dola (\$25) pou premye vyolasyon an, senkant dola (\$50) pou dezyèm vyolasyon an ak san dola (\$100) pou chak vyolasyon anplis; biznis yo dwe peye amann desan senkant dola (\$250) pou premye vyolasyon an, twasan senkant (\$350) pou dezyèm vyolasyon an ak senk san dola (\$500) pou chak vyolasyon anplis. Chak ensidan yon vyolasyon kontinyèl dwe konsidere kòm yon vyolasyon anplis apa; epi
 - c. Anyen isit la pa gen entansyon epi pa dwe limite okenn lòt mekanis aplikasyon lalwa ke lalwa otorize.
8. **Konfli.** Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki gen konfli avèk nenpòt

dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans sa a avèk rès Òdonans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans sa a. Dispozisyon Òdonans sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontrè oswa ki gen konfli avèk Òdonans sa a.

9. **Dat li anvigè.** Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 05:00 p.m. nan dat 23 jiyè 2020. Òdonans sa ap ekspire lè Eta Dijans Lokal la ekspire, piske lòt òdonans oswa deklarasyon ka pwolonje li, amwenske lòt òdonans oswa aksyon Konsèy Manm Komisyon Konte a mete fen ladan anvan sa.

KONTE PALM BEACH

Pa: [Siyati]
Administratè Konte

23 jiyè 2020
Dat

**ATESTE
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: [Siyati]
Pwokirè Konte